

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Salian ti digunakeun dina komunikasi sirkulér (gunem catur sapopoé), basa Sunda kiwarigeus digunakeun dina komunikasi massa. Laku basa dina situasi komunikasi massa di antarana nyampak dina rohng status ramatloka (*website; situs*) jaringan sosial (*social network*) *facebook*. Kagiatan nuliskeun rupa-rupa perkara dina rohng status téh enas-enasna mah mangrupa kagiatan laku basa dina komunikasi vérbal wangun tinulis. Dina kontéks komunikasi tinulis, lakubasadina rohng status *facebook* miboga fungsi pragmatik, patali jeung pamakéan basa sacara naratif jeung aktif pikeun komunikasi dina kahirupan sapopoé. Sedengkeun dina prosés komunikasina sorangan, bisaditilik tina jihat psikologis jeung mékanistis.

Kamekaran *facebook* mawapangaruh positif keur pamiarsana. Konsép *facebook* mangrupa *viral marketing*¹ anu bisa nyebar samakta kalawan gratis, méré pangaruh positif pikeun pamiarsana enggoning ngaraketkeun duduluran, mikawanoh jeung némbongkeun poténsi diri, sarana pikeun promosi, sarana diskusi, jeung sarana nepikeun angen-angen atawa sawangan.

Ilaharna ramatloka media sosial, ayana *facebook* téh mantuan urang dina ngayakeun interaksi atawa komunikasi jeung sing saha waé di sakuliah dunya,

¹ Kecap *viral* ma'nana 'mibanda sipat kawas virus'. *Viral Marketing* nyaéta sistem pamasaran anu sumebarna kalawan gancang, kawas virus anu ngainféksi sél organisme biologis sakumna mahluk hirup, sumebar kalawan tatalépa.

kalawan biaya nu diperlukeun kaitung murah dibandingkeun misalna jeung ngagunakeun telepon. Salian ti éta, ngaliwatan *facebook* ogé dimungkinkeun pisan sumebarna informasi bisa lumangsung kalawan leuwih gancang.

Salian ti mangpaat positif, *facebook* ogé mawa pangaruh nu négatif. Ku ayana *facebook*, kagiatan interaksi interpersonal sacara langsung (*face to face*) beuki ngurangan, sabab aya anggapan yén komunikasi ngaliwatan *facebook* karasa leuwih praktis. Dina ambahan nu leuwih lega, nurutkeun www.laksamana12.wordpress.com (diaksés 1 Séptémber 2010) *facebook* bisangabaluarkeun pasualan hukum. Di antarana jadi sarana pikeun ngahina atawa ngagoréngkeun ngaran, nipu, prostitusi, nyulik, salingkuh, alesan pikeun maéhan manéh, ngaganggu produktifitas gawé, jeung nyebarkeun paham-paham atawa idéologi anu pasalia jeung konsép nagara, adat-istiadat, atawa agama.

Salian ti éta, sok sanajan eusining rohang status *facebook* henteu miboga maksud atawa tujuan anu sipatna négatif, pamahaman anu béda-béda ti séwang-séwang pamiarsa réa anu ngabaluarkeun munculna pacogrégan, boh sacara pribadi boh sacara hukum. Contona, status jeung koméntar anu maksudna heureuy bisa dianggap serius atawa ngahina, nganyerikeun haté, jeung ngagoréng, anu béh dieuna bisa dipasualkeun ngaliwatan hukum pidana jeung perdata.

Minangka pakakas pikeun nepikeun pesen nu tangtu dina kontéks komunikasi, téks vérbal dina rohang status *facebook* némbongkeun aspék-aspék situasi jeung motif nu tangtu. Salian ti éta, bisa dipastikeun yén unggal ungkara (téks) dina basa Sunda, nu mangrupa laku basa nu wajar, dipangaruhan ogé ku

kontéks, nepi ka warna, wanda, fungsi, jeung maksud unkarana mibanda hubungan kontékstual. Patali jeung éta hal, pesen nu hayang ditepikeun téh aya kalana nyamuni ngaliwatan rupa-rupa laku basa ngagunakeun téhnik métaforis, sok sanajan bisa jadi komunikatorna sorangan teu sadar geus ngalakukeun polah sarupa kitu.

Sangkan komunikasi ngaliwatan rohangan status *facebook* bisa lumangsung kalawan hadé jeung teu matak ngabaluarkeun gelarna pasualan-pasualan anu sipatna négatif, perlu pisan simbol-simbol téks vérbal basa Sunda anu digunakeunana dina rohangan status *facebook* téh dima'naan kalawan teleb.



Gambar 1.1: Tepas jeung rohangan status dina situs *facebook*
(Foto: www.facebook.com)

Aya sawatara karakteristik umum urang Sunda nalika ngayakeun komunikasi, di antarana kabiasaan nyumputkeun atawa nyamunikeun parasaan,

pamikiran, atawa kahayangna ngaliwatan ungkara-ungkara basa nu disumputsalindungkeunmaksudna. Aya ogé nu najan dipertélakeun, saméméhna direumbeuy heula ku omongan-omongan lianna nu ceuk pangrasana bisa nganteurkeun kana maksud saenyana, nu dina istilah masarakat Sunda sok disebut *malapah gedang*. Kedalna ungkara-ungkara nu nyamunikeun maksud sarupa kitu téh biasana dina laku basa (*speech act*) ménta (*requesting*), nganuhunkeun (*complimenting*), nolak (*refusing*), jeung humandeur (*complaining*).Saliantiéta, ayaogé nu mangrupanitah, ngajak, kritik, ngambek, jsté.

Patali jeung laku basa ménta, nganuhunkeun, nolak, atawa humandeur, geus réa panalungtikan nu dilaksanakeun, boh nu dipuseurkeun kana hiji basa, boh nu sipatna lintas-budaya. Dina kontéks basa Sunda, panalungtikan perkara laku basa nu kungsi dilaksanakeun di antarana: 1) “The Language of Refusals in Sundanese Society: A Workplace Case”, ku É. Aminudin Azis (1996), mangrupa tésis di Univérsitas Monash, Australia; 2) “Deskripsi Maksud Tuturan Sindiran Nyungkun dalam Bahasa Sunda Dialek Priangan”, ku Yudi Permana (2001), skripsi di Universitas Gadjah Mada; jeung 3) “Realisasi Tindak Tutur Poyok Ungkal (TTPU) Pada Masyarakat Desa Ungkal Kecamatan Conggeang Kabupaten Sumedang: Kajian Sosiopragmatik dan Pemanfaatannya Sebagai Bahan Ajar Di SMPN 1 Jatinunggal Kabupaten Sumedang”, ku Dadan Andana (2009), tesis di Program Studi Pendidikan Bahasa Indonésia SPS UPI.

Sawatara panalungtikan perkara laku basa sakumaha nu dipedar di luhur, nekenkeun udagan panalungtikanana kana déskripsi variasi laku basa nu dilakukeun ku panyatur basa Sunda patali jeung laku basa nyatakeun hal nu tangtu

dumasar kana prinsip kasopanan. Data panalungtikanana mangrupa ungkara basa Sunda nu digunakeun dina situasi komunikasi sirkulér sacara langsung.

Panalungtikan perkara ma'na téks vérbal basa Sunda dina rohang status *facebook* tacan kungsi dilaksanakeun. Ku kituna, panalungtikan perkara fungsipragmatistéks lakubasa Sunda dina rohang status *facebook*téh perlu pikeun dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah Panalungtikan

1.2.1 Watesan Masalah Panalungtikan

Laku basa dina rohang status *facebook*téh némbongkeun ciri atawa karakteristik anu tangtu, boh patali jeung adeganana boh patali jeung ma'nana. Salian ti éta, aya ogé pangaruh-pengaruh intertékstual jeung sosio-kultural anu milu marengan medalna status dina *facebook*. Aya atawa henteuna tujuan-tujuan anu tangtu dina prakna laku basa dina rohang status *facebook*, ngagelarkeun sawatara pangaruh positif jeung négatif. Pamahaman anu béda-béda ti papada pamiarsa dina ngama'naan téks dina rohang status *facebook*, ngabalukarkeun tujuan positif bisa robah ma'nana jadi négatif, pon kitu deui sabalikna tujuan négatif bisa robah jadi positif.

Kalawan tinimbangan-tinimbangan: 1) ieu panalungtikan nyoko kana hiji déskripsi pamakéan basa Sunda ngaliwatan téks verbal; 2) ieu panalungtikan mangrupa studi kasus tunggal (*embedded case study*), nyoko kana hiji karakteristik anu sasaran jeung lokasi studina ukur hiji jeung teu némbongkeun

atawa ngabandingkeun karakteristik anu béda; jeung 3) waktu jeung biaya panalungtikan anu samporét; sangkan teu lega teuing, pasualan anu baris ditalungtik téh diwatesanan, perkara laku basa ngaliwatan téhnik métaforis dina status *facebook* anu mangrupa téks vérbal basa Sunda.

1.2.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Nyoko kana watesan di luhur, pasualan anu baris ditalungtik dirumuskeun sakumaha ieu di handap.

- 1) Kumahakontékslaku basa dina rohang status *facebook*?
- 2) Kumahawarnalaku basa dina rohang status *facebook*?
- 3) Kumahawandalaku basa dina rohang status *facebook*?
- 4) Kumahafungsilaku basa dina rohang status *facebook*?jeung
- 5) Kumahatéhnikmétaforis nu digunakeundinatékslakubasadina rohang status *facebook*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Sacara umum, ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun maluruh ma'na-ma'na anu nyangkaruk dina téks vérbal basa Sunda nu digunakeun pikeun nepikeun rupa-rupa hal dina rohang status *facebook*, sangkan kagambar hiji konsép anu bisa némbongkeun pangaruh atawa mangpaat *facebook* pikeun

kahirupan urang Sunda. Sedengkeun sacara husus, ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kontékslaku basa dina rohang status *facebook*;
- 2) warnalaku basa dina rohang status *facebook*;
- 3) wandalaku basa dina rohang status *facebook*;
- 4) fungsilaku basa dina rohang status *facebook*; jeung
- 5) téhnikmétaforis nu digunakeun dina rohang status *facebook*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Sacara umum, ieu panalungtikan dipiharep méré mangpaat pikeun usaha ngamumulé kahirupan basa Sunda dina rupaning widang. Sedengkeun sacara husus, dipiharep mawa mangpaat sakumaha ieu di handap.

- 1) Pikeun sakumna masarakat Sunda, bisa digunakeun salaku wahana ngajembaran pangaweruh jeung sawangan hirupna, utamana dina mekarkeun sikep leuwih taliti jeung réspansif anu didadasaran ku sikep méntal positif. Ku éta hal, status jeung koméntar *facebook* anu ngagunakeun basa Sunda dipiharep teu matak ngabalukarkeun gelarna pasualan-pasualan dina hirup kumbuh sapopoé, boh pasualan pribadi, sosial budaya, boh pasualan hukum.
- 2) Salaku bagian unsur budaya, déskripsi ma'na métafora téks vérbal basa Sunda nu digunakeun dina rohang status *facebook* mangrupa bahan anu penting pikeun nyuprih ajén-inajén kamekaran basa Sunda salaku pakakas komunikasi masarakat Sunda;

- 3) Pikeun élmu basa Sunda sorangan bisa dijadikeun dokuméntasi dina hirup-kumbuhna ngawarnaan kamekaran kahirupan masarakat Sunda.
- 4) Pikeun dunya atikan basa Sunda di sakola, bisa dijadikeun salaku alternatif bahan pangajaranmaca, nyarita, jeungnulis. Kalawan ngagunakeun bahan pangajaran anu deukeut jeung dunya siswa atawa nu diajar basa Sunda, dipiharep kagiatan diajar basa Sunda téhbisa leuwih narik ati. Béh dituna bisa numuwuhkeun sikep hadé enggoning ngamumulé hirup-huripna basa Sunda.

1.5 Wangenan Operasional

Sangkan écés, istilah anu aya patalina jeung judul ieu panalungtikan didéfinisikeun sacara operasional dumasar kana watesan-watesan sakumaha ieu di handap.

1) Laku Basa

Laku basa nyaéta kontéks kawacanaan nu mangrupa paripolah omongan (ungkara) nu digunakeun ku pamaké basa nalika lumangsungna komunikasi, kalawan diébréhkeun dina wangun téks pérformatif ngaliwatan pamakéan vérba dina kalimah-kalimah komisif, impositif, éksprésif, jeung asértif. Ku Austin (1962) dirumuskeun dina tilu wengkuan: 1) laku basa lokusi; 2) laku basa ilokusi; jeung 3) laku basa perlokusi; sedengkeun nurutkeun Searle, ngawengku: *laku basa répréséntatif*, *laku basa diréktif*, *laku basa éksprésif*, *laku basa komisif*, jeung *laku basa déklarasi*. Laku basa aya dina dua wengkuan langsung-teu langsung jeung literal-teu literal. Dua wengkuan laku

basa kasebut, dina prakna bisa pagalo ngawangun interséksi: langsung-literal, langsung-teu literal, teu langsung-literal, jeung teu langsung-teu literal. Salasahijitéhnik nu digunakeun dina lakubasanya éta téhnik métaforis, mangrupa téhnik pikeun nyiptakeun asosiasi ngaliwatan analogi nu ngabandingkeun dua hal sacara langsung dumasar fungsi laku basa nu dipilih ku panyatur, disungsi wangun, gaya, jeung ma'nana tina téks vérbal basa Sunda dina rohang status *facebook*. Pikeun nyungsi ma'na dina ungkara nu ngagunakeun métafora, perlu dianalisis opat hal nu ngawengku *pangbanding* (ékuiwalén jeung *penanda*), *pabanding* (ékuiwalén jeung *petanda*), *motif*, jeung *kecap panyambung babandingan*.

2) Rohang Status *Facebook*

Rohang status *facebook* mangrupa rohang atawa kaca (*page*) bagian tina fasilitas *news feed* dina ramatloka jaringan sosial *facebook*, digunakeun pikeun nuliskeun rupa-rupa hal jeung ngirimkeun atawa némbongkeun gambar jeung pilem. Dina ieu panalungtikan, rohang status *facebook* téh ditekenkeun kana rohang nu digunakeun pikeun medalkeun téks-téks vérbal.

3) Fungsi Pragmatis

Pragmatik mangrupa cabang élmu basa nu ngulik struktur basa sacara éksternal, kumaha satuan kabasaan digunakeun dina prakna komunikasi. Dina ieu panalungtikan, fungsi pragmatistéh patali jeung analisis téks vérbal basa Sunda dina rohang status *facebook* kalawan puseur sawangan atawa titik pamianganana tina konsép laku basa, patali jeung kontéks, warna, jeung téhnik laku basa dina prakna komunikasi vérbal tinulis liniér.

1.6 Anggapan Dasar

Tujuan ieu panalungtikan henteu nekenkeun kana nguji hipotésis anu tangtu. Parandéné kitu, dina prak-prakanana mah anu nalungtik teu bisa leupas tina ayana wawasan anu nganteurkeun, jadi kasang tukang, jeung ngawewegan ieu panalungtikan. Sok sanajan, éta wawasan téh sabisa-bisa diusahakeun teu ngaganggu dina ngobét jeung ngarumuskeun timuan-timuan anu dianggap penting dina ieu panalungtikan.

Patali jeung hal di luhur, di antarana bisa didadarkeun wawasan-wawasan sakumaha ieu di handap.

- 1) Basa Sunda geus digunakeun pikeun nuliskeun rupa-rupa hal dina rohang status ramatloka jaring sosial *facebook*;
- 2) Kagiatan nuliskeun rupa-rupa perkara dina rohang status téh enas-enasna mah mangrupa kagiatan laku basa dina komunikasi vérbal wangun tinulis;
- 3) Basa Sunda anu digunakeun pikeun nuliskeun rupa-rupa hal dina rohang status ramatloka jaring sosial *facebook* gayana mangrupa ragam lisan anu ditulis;
- 4) Kagiatan nuliskeun rupa-rupa hal dina rohang status *facebook* bisa ditilik tina rangkay kamekaran komunikasi intrapersonal jeung komunikasi massa. Pamiarsa ramatloka jaring sosial *facebook* ngamangpaatkeun fitur jeung aplikasi anu nyampak pikeun digunakeun salaku sarana komunikasi;

- 5) Dina tujuanana pikeun komunikasi, eusining rohang status *facebook* dipangaruhan ku aspék motif. Pikeun tujuan-tujuan anu tangtu luyu jeung motifna, wacana anu nyampak réa anu ngagunakeun simbol-simbol; jeung
- 6) Kaayaan sosial budaya dina pajamanan atawa dangka waktu eusining rohang status *facebook* diterbitkeun atawa ditulis milu mangaruhan kana wacana anu digelarkeun. Ku kituna, sawangan-sawangan sosial budaya gelar mangrupa réspon masarakat anu milu mangaruhan kana kawangunna opini ngeunaan rupa-rupa pasualan sosial budaya.

